



NY State of Health – Kondisyon Sèvis pou Mesaj ki otomatik

Dat li Antre An Vigè: 24 jiyè 2024

Lè ou bay NY State of Health nimewo telefòn selilè w, ou dakò (oswa “chwazi”) pou resevwa sèvis mesaj pa mwayen Sèvis mesaj ki kout (Short Message Service, “SMS” oswa tèks) oswa Sèvis Mesaj Miltimedya (Multimedia Messaging Service, “MMS”) oswa WhatsApp (yo rele tout ansanm “Mesaj” oswa “Sèvis”) nan men oswa nan non NY State of Health nan nimewo sa a epi ou rekonèt nimewo sa a se nimewo pa w li ye. Ou pa oblije dakò resevwa mesaj otomatik pou yo ka kouvri depans yo.

Kapasite pou ou resevwa mesaj nan men nou ka depann de konpayi telefòn selilè w la oswa aparèy mobil ou an. Kapasite pou w resevwa mesaj WhatsApp pral depann de kapasite pou konekte sou Entènèt gras a rezon telefòn ou sou li a, ak disponiblite sèvis WhatsApp la. NY State of Health pa responsab si gen reta oswa ou pa rive resevwa mesaj yo. Yo bay Sèvis la “JAN LI YE” a. Konpayi telefòn ou branche sou li a ka fè w peye pou mesaj ou resevwa oswa voye, ak Entènèt ou itilize. Kontakte konpayi telefòn ou branche sou li a si ou gen kesyon sou plan w lan.

Kalite Mesaj ak Chak ki lè ou Resevwa yo

Lè w enskri pou resevwa Mesaj atravè Sèvis la, nou pral voye yon Mesaj ba w pou w konfime sa a. Voye yon mesaj tèks ki ekri “HELP” (Ede) oswa ekri l nan yon mesaj pou w kapab jwenn èd.

Anilasyon

Ou kapab anile Sèvis la nenpòt kilè lè w voye yon tèks oswa mesaj ki di “SISPANN” (STOP). Nou ap voye yon mesaj pou konfime ou pa enskri ankò. Ou kapab enskri ankò lè w voye yon tèks oswa mesaj ki di KÒMANSE (START).

Si ou chanje nimewo telefòn selilè, ou dwe mete kont ou an ajou.

Si ou gen nenpòt kesyon sou konfidansyalite oswa sou fason nou itilize done ou yo, tanpri li Politik konfidansyalite nou pou mesaj ki otomatik nan nystateofhealth.ny.gov/privacy.html.

Chanjman nan Kondisyon Sèvis la

Nou ka chanje Kondisyon Sèvis yo nenpòt lè san nou pa mete ou okouran anvan sa. Nou ap pibliye Kondisyon ki revize yo ansanm ak dat mizajou a antre an vigè. Lè ou kontinye itilize Sèvis la apre yo fin pibliye mizajou nan Kondisyon yo, ou te jwenn enfòmasyon sou mizajou sa yo, epi ou dakò pou yo lye ak chanjman sa yo.